



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 7 fevriye 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MANM KI NAN PANÈL EGZEKISYON BAZ ELEMEN KOMEN AN

Panèl la pral Rekòmande byen Vit Amelyorasyon ki pou Mete Anplas Nòm Baz Eleman Komen yo epi bay Etidyan Priorite

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse manm Panèl Egzekisyon Baz Komen an, ki pral reyalize san pèdi tan yon revizyon konplè mizanplas nòm baz komen yo nan Eta New York. Nan diskou sou bidjè li a mwa pase, Gouvènè a te pwopoze amelyorasyon nan egzekisyon Baz Komen a nan New York. Panèl la, ki gen ladann espè nasyonal ansanm ak lejislètè Eta New York, paran, edikatè, biznis, ak dirijan biznis ak kominotè pral bay yon seri rekòmandasyon anvan fen sesyon lejislatif la pou amelyore egzekisyon Baz Komen an.

“Nòm Baz Komen yo se yon pati enpòtan anpil nan transfòmasyon lekòl New York, epi echèk ki anrejistre nan aplikasyon efikas yo pote konfizyon ak fristrasyon pami elèv ak fanmi yo,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Mwen mande manm panel sa prese prese pou yo travay pou vini ak yon seri rekòmandasyon aplikab pou amelyore egzekisyon Baz Komen an.”

Depi lè Baz Komen an te lanse pou premye fwa nan New York, genyen bon jan dyalog sou sijè a ak paran, pwofesè, administratè lekòl, ak lidè kominotè nan tout eta a ki vini ak pwoblèm ki genyen ak egzekisyon pwogram nan. Se vre Baz Komen an nesèsè pou transfòme sistèm edikasyon eta a, tankou nenpòt seri nòm, li dwe jere kòmsadwa pou vreman amelyore lekòl New York.

Manm panèl yo se:

- Stanley S. Litow, Vis Prezidan, IBM Corporate Citizenship and Corporate Affairs ak Prezidan, IBM International Foundation (Prezidan)
- Senatè John Flanagan, Prezidan Komisyon Edikasyon Sena a (Sena a ki nonmen li)
- Manm Asanble Catherine Nolan, Prezidan Komisyon Edikasyon Asanble a (Asanble a ki nonmen li)
- Linda Darling-Hammond, Charles E. Ducommun, Pwofesè Edikasyon, Stanford University Graduate School of Education

Haitian Creole

- Todd Hathaway, Pwofesè, East Aurora High School (Konte Erie)
- Alice Jackson-Jolley, Paran (Konte Westchester)
- Anne Kress, Prezidan, Monroe Community College
- Nick Lawrence, Pwofesè, East Bronx Academy for the Future (NYC)
- Delia Pompa, Vis Prezidan Senyò Pwogram, National Council of La Raza
- Charles Russo, Sipè Entandan, East Moriches UFSD (Long Island)
- Dan Weisberg, Vis Prezidan Egzekiti & Direktè Jiridik, The New Teacher Project

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418